

## **BAB I**

### **BUBUKA**

#### **1.1 Kasang Tukang Masalah**

Basa mangrupa hiji pakakas anu dipaké pikeun nepikeun talatah ka batur. Ku kituna, basa téh miboga kalungguhan nu penting dina kahirupan sapopoé. Basa téh nyekel rupa-rupa fungsi. Fungsi anu utama nyaéta pakakas pikeun campur gaul atawa komunikasi, tangtuna basa nu dipakéna kudu komunikatif.

Basa nyaéta sistem lambang omongan nu dihasilkeun ku pakakas ucap manusa kalawan puguh éntép seureuhna (sistematis) tur ragem (konvensional) di antara anggota masarakatna pikeun tujuan patali marga atawa komunikasi (Sudaryat, 1991:1). Éta lambang sora téh dihasilkeun ku pakakas ucap manusa, lain ku pakakas lain. Dipakéna basa téh dumasar kana karageman atawa kasapukan masarakatna. Tujuan atawa fungsi utama dipakéna basa minangka pakakas atawa alat komunikasi pikeun ngedalkeun talatah (rasa, pikiran, jeung kahayang) ka jalma lian atawa narima pesan ti nu lian.

Niténan kalungguhan basa anu kacida pentingna pikeun kahirupan manusa, tangtuna basa téh perlu dipiara tur dimekarkeun.

Kiwari basa Sunda téh kaasup basa daérah anu masih dipaké tur dipiara. Ku kituna, hirup kumbuhna basa Sunda téh ditangtayungan ku nagara. Luyu jeung UUD 1945 Bab XV, penjelasan Pasal 36, anu nétélakeun yén:

*“Di daerah-daerah yang mempunyai bahasa sendiri yang dipelihara oleh rakyatnya dengan sebaik-baiknya (misalnya bahasa Jawa, Sunda, Malaka, Madura dsb) Bahasa itu akan dihormati dan dipelihara juga oleh negara.”*

(Di wewengkon-wewengkon anu mibanda basa sorangan, anu di piara ku rayatna kalawan hade-hadé (upamana basa Jawa, Sunda, Malaka, Madura, jeung sajabana), éta basa téh bakal diajénan jeung di piara ogé ku nagara.)

Saperti nu dicindekkeun ku *Seminar Politik Bahasa Nasional 1975* di Jakarta, basa Sunda miboga pancén atawa fungsi jadi:

- 1) Lambang kareueus masarakat Sunda,
- 2) Lambang jati diri (idéntitas) masarakat Sunda,
- 3) Alat paguneman di lingkungan kulawarga jeung masarakat Sunda,
- 4) Pangdeudeul basa nasional,
- 5) Basa panganteur di Sakola Dasar (SD) di kelas-kelas munggaran pikeun ngalancarkeun pangajaran basa Indonésia jeung pangajaran liana, sarta
- 6) Alat pikeun mekarkeun jeung pangdeudeul budaya Sunda.

Niténan kalungguhan basa Sunda anu kacida pentingna, urang salaku urang Sunda miboga pancén pikeun miara tur maké basa Sunda sangkan basa Sunda henteu tilem tur kalindih ku basa séjén.

Basa téh mangrupa hiji sistem anu sipatna sistemis jeung sistematis. Sistem basa téh ngawengku dua lapisan, nyaéta *wangun* jeung *eusi*. Lapisan wangun ngawengku dua tahapan, nyaéta *wangun gramatik (katatabasaan)* nu ngawengku wacana, kalimah, klausa, kecap, jeung morfém; jeung wangun *fonologi* nu ngawengku engang, foném jeung sora. Lapisan eusi mangrupa *harti*. Wangun katatabasaan *sintaksis* maluruh adegan wacana, kalimah, klausa, frasa; jeung *morfologi* maluruh adegan morfém jeung kecap (Sudaryat, 1997: 5).

Ieu panalungtikan patali jeung frasa nu mangrupa bagian tina sintaksis. Sintaksis nyaéta salasahiji cabang tina tata basa anu ngulik, maluruh, jeung medar

frasa, klausa, kalimah, jeung wacana katut patali gramatik antarkonstruksina. Ari nu dimaksud ku frasa éta téh nyaéta konstruksi gramatikal anu diwangun ku dua kecap atawa leuwih anu henteu prédikatif sarta nyicingan hiji fungsi dina klausa atawa dina runtuyan kecap (Prawirasumantri, 1993: 130). Ieu hal saluyu jeung pamadegan Sudaryat (1991: 74), anu nétélakeun yén “Frasa nyaéta wangun katatabasaan anu jadi pangdeudeul kalimah, henteu predikatif, diwangun ku sakurang-kurangna dua kecap tur nyicingan hiji fungsi J (jejer), C (Caritaan), U (Udagan), Pang(lengkep), atawa Kat(erangan) dina klausa”.

Disawang tina distribusi jeung unsur-unsur pangwanguna, frasa dibagi jadi dua rupa:

- 1) Frasa éndoséntrik, ngawengku frasa atributif, frasa apositif, frasa koordinatif, frasa objektif, jeung frasa konéktif.
- 2) Frasa éksoséntrik, anu ngawengku frasa diréktif jeung frasa rélatif.

Pedaran perkara frasa téh geus dipedar dina buku-buku katatabasaan hususna basa Sunda sarta dina panalungtikan-panalungtikan nu geus dilaksanakeun di Jurusan Basa Sunda. Dina buku katatabasaan, upamana baé: *Sintaksis Basa Sunda* (Prawirasumantri, 1992), *Adegan kecap, Frase, jeung Klausa Basa Sunda* (Prawirasumantri, Spk, 1993), *Pedaran Basa Sunda* (Sudaryat, 1997), jeung *Sintaksis Basa Sunda* (Kuswari: 2010).

Lian ti éta, pedaran perkara frasa ogé kapanggih dina hasil panalungtikan-panalungtikan anu geus dilaksanakeun, di antarana “Analisis frasa dina Novél *Lembur Singkur* pikeun Bahan Pangajaran Frasa di SMA” (Suparna, 1984), “Analisis Frasa dina Carpon *di Cindulang Aya Kembang*” katut Model

Pangajaranana pikeun SPG” (Widiati, 1988), “Metode Inquiri dina Kagiatan Diajar Ngajar Frasa Basa Sunda di SMA” (Sunandangria, 1991), “Frasa dina Carpon *Kasilib* pikeun Bahan Pangajaran Frasa di SMU” (Nurbaiti, 1996), “Analisis Frasa Pangantet dina Novél *Kembang Rumah Tangga* Karangan Caraka jeung Model Pangajaran di SMU” (Damayanti, 2002), “Frasa Pagawean dina Novél *Pangeran Kornel* Karangan R. Memed Sastrahadiprawira” (Sunartin, 2003), “Frasa Sifat dina Novél *Saeunggeus Halimun Peuray* Karangan Aam Amilia” (Rohmawati, 2003), “Adegan Frasa Koordinatif dina Novél *Patepung di Bandung* Karangan Taufik Faturohman” (Ningsih, 2004), Frasa pangantet dina novél *Demung Janggala* karya Tatang Sumarsono (Putri, 2005) “Frasa Barang dina Novél *Kalajengking* Karya Anna Mustikaati” (Marlina, 2005), “Frasa Bilangan dina Kumpulan Carpon *Kanyaaah Kolot* Karangan Karna Yudibrata” (Resmiati, 2005) “Frasa Atributif Barang dina Novél *Budak Teuneung* Karangan Samsuedi” (Mardiani, 2006), “Frasa Pangantet dina *Campaka Mangkak* Antologi Karya nu Ngarora” (Winarti, 2007), “Frasa Relatif dina Kumpulan Carpon *Oleh-oleh Pertempuran* Karangan Rukmana HS” (Herlis, 2007) “Analisis Kecap Barang Wacahan dina Naskah Berita Basa Sunda di Media Elektronik” (Illaahi, 2008), “Frasa Barang Jembar dina Novél *Kalajengking* Karangan Anna Mustikaati” (Indriawati, 2008). Pedaran frasa ogé tétéla bisa dijadikeun salasahiji bahan pangajaran di sakola.

Tina panalungtikan-panalungtikan nu geus aya, tétéla panalungtikan ngeunaan frasa diréktif téh geus dilaksanakeun. Najan kitu, ieu panalungtikan mah aya bédana, lian ti béda sumber datana, dina ieu panalungtikan dianalisis wanda

frasa diréktif anu disawang tina rupa-rupa (sumbu) aksisna. Ku kituna, panalungtikan nu judulna “Analisis Frasa Diréktif dina Novél *Buron* karya Aam Amilia pikeun Bahan Ajar Basa Sunda di SMA (Tilikan Struktur jeung Semantis)” perlu dilaksanakeun.

## **1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1 Watesan Masalah**

Ku sabab ambahan frasa téh lega pisan, dina ieu panalungtikan baris diwatesanan. Henteu sakabéh frasa ditalungtik, tapi museur kana struktur, wanda jeung patali harti antarunsur pangwangun frasa diréktif anu disawang tina rupa-rupa aksisna nu aya dina novél *Buron* karya Aam Amilia sarta bahan pangajaranana di SMA.

### **1.2.2 Rumusan Masalah**

Ieu panalungtikan téh medar ngeunaan frasa diréktif. Aya sababaraha masalah anu perlu dirumuskeun patali jeung frasa diréktif. Rumusan masalah ieu panalungtikan téh bisa dirumuskeun dina kalimah pananya di handap.

- 1) Frasa diréktif naon baé anu kapanggih dina novél *Buron* karya Aam Amilia?
- 2) Kumaha struktur frasa diréktif disawang tina unsur aksisna anu aya dina éta novél?
- 3) Kumaha wanda frasa diréktif disawang tina unsur aksisna anu aya dina éta novél?
- 4) Kumaha patali harti antar unsur pangwangun frasa diréktif anu aya dina éta novél?

- 5) Kumaha lamun frasa diréktif dina novél *Buron* karya Aam Amilia dijadikeun bahan ajar di SMA?

### 1.3 Tujuan jeung Mangpaat Panalungtikan

#### 1.3.1 Tujuan Panalungtikan

Luyu jeung rumusan masalah di luhur, ieu panalungtikan boga tujuan pikeun ngadéskripsikeun frasa direktif dina novél *Buron* karya Aam Amilia katut bahan pangajaranana. Ari déskripsina ngawengku:

- 1) Frasa diréktif anu kapanggih dina novél *Buron*;
- 2) Struktur frasa diréktif disawang tina unsur aksisna anu kapanggih dina novél *Buron*;
- 3) Wanda frasa diréktif disawang tina unsur aksisna anu kapanggih dina novél *Buron*;
- 4) Patali harti unsur pangwangun frasa diréktif nu aya dina novél *Buron*; jeung
- 5) Bahan pangajaran ngeunaan frasa diréktif di SMA.

#### 1.3.2 Mangpaat Panalungtikan

Aya sawatara mangpaat tina ieu panalungtikan, boh nu sipatna tioritis boh praktis. Mangpaat tioritis anu bisa kacangking, nyaéta:

- 1) Mekarkeun kaidah-kaidah frasa diréktif;
- 2) Ngeuyeuban tiori tata basa nu aya, hususna frasa diréktif;
- 3) Pikeun ngajembaran conto-conto frasa diréktif;
- 4) Pikeun mikanyaho struktur frasa diréktif;
- 5) Panalungtik boga pangalaman langsung ngaanalisis frasa diréktif dina karya sastra;
- 6) Bisa dijadikeun sumber révisi buku-buku katatabasaan saméméhna; jeung
- 7) Bisa dijadikeun tatapakan dina nyusun panalungtikan séjénna ngeunaan frasa diréktif.

Tina segi praktis, ieu panalungtikan téh bisa dimangpaatkeun ku guru, siswa jeung lembaga.

- 1) Pikeun guru, bisa ngaronjatkeun atikan pangajaran utamana dina pangajaran ngeunaan frasa diréktif.
- 2) Pikeun siswa, bisa méré pangaweruh ngeunaan frasa diréktif.
- 3) Pikeun lembaga, mangrupa sumbangan ilmiah pikeun panaratas panalungtikan ngeunaan frasa diréktif.

#### 1.4 Raraga Nulis

Ieu tulisan diwangun ku lima bab, nyaéta: bab 1 dijudulan “Bubuka”, anu eusina mangrupa kasang tukang, watesan jeung rumusan masalah, tujuan jeung mangpaat ieu panalungtikan, jeung raraga nulis. Dina bab 2 dijudulan “Frasa Diréktif”, Bahan Pangajaran Basa Sunda jeung Asumsi ngébréhkeun tiori frasa diréktif, rarancang bahan pangajaran, jeung asumsi. Dina bab 3 dijudulan “Métode panalungtikan” anu eusina medar sumber data, desain panalungtikan, métode panalungtikan, wangenan operasional, instrumén jeung téhnik panalungtikan. Dina Bab 4 dijudulan “Déskripsi jeung Analisis Frasa Diréktif dina Novél *Buron Karya Aam Amilia* jeung Bahan Pangajaranana” ngadéskripsikeun jeung nganalisis frasa diréktif anu ngawengku data frasa dina éta novél, adegan, wanda, tatali harti antarunsur katut bahan pangajaranana. Pamungkas nyaéta bab 5 anu dijudulan “Kacindekan jeung Saran” mangrupa kacindekan tina hasil panalungtikan jeung saran ogé kamandang-kamandang ti panyusun.